

HAITIAN RESOURCE DEVELOPMENT FOUNDATION
Willingness, Know-How, Resources

Weston, Florida, Port-au-Prince and Aquin, Haiti
Aldy Castor, M.D., President aldyc@att.net
954.873.0064, 509.3.685.1931



The Haitian Resource Development Foundation <hrdf.org>, is a 501(c)3 non-profit organization established in 1987. It has US Tax No. 72-1074482 and is also registered with the Government of Haiti as a non-profit, No. MPCEFP/1993/94/17, and with the Ministry of Planning and External Cooperation as No. B-0167. HRDF's mission is to initiate and support projects that develop Haiti's resources through programs in the fields of health care, education, scientific research, arts and culture and economy.

"FROM THE MOUNTAINS TO THE SEA"
From Charity to Development



RETABLI KONFYANS NAN PEYI DAYITI : YON VID DEPI LANE 1804 POU RIVE 2024

Marthe ak Maxius al travay chak jou nan biznis yo. Youn se yon machann pwomenn k ap vann mango nan Kafou Difò lòt la se yon jeran lakou Pòtoprens, nan zòn Pacot. Tou de se moun mwen konnen, mwen konn kontre ak yo lè mwen prale nan "gran sid la" sou wout nasyonal nimewo 2 ak nan kapital la. Se de moun ki moun ki motive e ki ap bat dlo pou fè bè, nan peyi Ayiti ki nan latwoublay depi apre endependans li. Y ap eseye jwenn bon solisyon pou amelyore lavi yo, edike epi bay pitit yo manje; an gwo y ap reflechi ak kouman yo kapab poze pi bon aksyon pou yo genyen yon lavi miyò.

Moun sa yo se Ayisyen se moun ki pa konn nan pwoblèm ak moun, men gen lòt depi kèk tan pito rezoud pwoblèm yo nan vyolans. Yo menm tou yo byen reflechi avan yo aji nan solisyon y ap chèche pou pwoblèm yo genyen yo. Dènye egzanp moun sa yo nou genyen devan je nou se yon eleman yo rele "Barbecue". Sitwayen sa t ap fè aktyalite nan dat 3 avril 2024 nan yon gwo chèn enfòmasyon franse yo rele "Paris-Match" nan yon entèvyou li te bay pou l te eseye esplik rezon kifè se vyolans yo chwazi itilize pou sove Ayiti. Barbecue eseye bay yon esplikasyon lojik a zak sasinay k ap fèt sou popilasyon an, an patikilye sivil ki inosan yo.

Lè nou byen reflechi ak divès sitiyasyon sa yo, nou konstate ni Marthe, ni Maxius ni Barbecue sanble yon kote. Pou yo, yo aji ak bon jan konprann pou yo k ap jwenn bon rezilta. Se poutèt sa, yo fè chwa ki pèmèt yo reyalize plis objektif ke yo kapab, yo chèche sa ki satisfè yo pi byen, epi yo aji kòm chwa yo fè yo, se yo menm ki pi bon pou yo.

Genyen yon etid ki anseye nou ke apwòch sila rele "teyori chwa rasyonèl", kote "moun nan pral ogmante itilite l oswa diminye depans l ap fè yo" (Coleman ak Farago (eds)/ Rational Choice Theory p.XI). Nan ka sa moun nan genyen plis objektif k ap pèmèt li jwenn plis satisfaksyon pandan l ap diminye efò l deplwaye nan lòt bagay ki pap ede l atenn objektif li.

Lè on moun ap analize sitiyasyon an pou li eseye konprann kisa ki lakoz Babeque ap aji jan l ap aji a, l ap konkli ke Barbecue gen rezon pa li ki fè li fè chwa li fè yo. Se li menm selman ki wè pouki rezon li fe yo. Menm si Blaise Pascal te di "kè a gen rezon li ke rezon pa konnen", moun k ap analize sitiyasyon an dwe fè sa san okenn jijman moral, e li dwe fè sa tou san pati pri pou li kapab analize nan yon fason ki pi syantifik reyalye sosyal sa yo.

Marthe, Maxius ak Barbecue gen pwòp pwojè yo, ke l piti ke l gwo, ki fè pati motivasyon yo, ki ap ede yo nan yon sans jwenn on satisfaksyon pèsan. Epi, fòk nou pa bliye, lòm se yon èt sosyal avan tout lòt bagay, li entegre nan yon kolektif, nan yon sosyete. Li pataje ak lòt moun ki nan menm anviwonman ak li santiman : ke fè pati yon kominote, yon pèp.

Le yon pèp fè bon chwa, pou li ogmante kalite sèvis piblik yo, tankou lasante, dlo potab oswa sekirite, sa tou fe lòt moun ki pataje menm santiman apatenans sila benefisyè bon kondisyon sa yo tou. Tèt ansanm ak lespri konpetisyon devlope nan mitan yo, epi piti piti moun sa yo ki pataje santiman sila sispann panse ak tèt yo sèlman pou yo komanse panse a lòt moun oswa a tout moun alawonbandè. Tout moun ap anvè ale nan yon pi bon direksyon, pou kounya, se amelyore pi plis toujou sèvis piblik yo. Se Leta, ki se enstitisyon legal ki responsab sitwayen yo, ki kapab e dwe mete sou pye enstitisyon sa yo.

Pwogrè ak inovasyon ede mete sou pye pi bon jan avantaj, ke w kapab wè pa egzanp nan amelyorasyon sèvis piblik yo gras ak teknoloji dijital ki pèmèt enstitisyon bay pi bon sèvis administratif epi diminye fenomèn biwokrasi a. Pa egzanp, machann mango yo, pou yo kabab tire plis avantaj nan anviwonman y ap vann nan, pral mande otorite Kafou Difò yo plis sekirite ak pi bon espas, ki pi pwòp tou pou yo kapab fè pi bon lavant. Pral gen plis demann konsa, e sa pral afekte tout machann nan lari nan peyi a. Sa ki bon pou yon sèl moun pral itil yon bann lòt, sa ki pral pèmèt genyen amelyorasyon ak pwogrè, e nou va genyen yon sosyete ki pi djanm, pi jis, ki genyen plis sekirite epi yon nivo devlopman ki pi bon pou tout moun. N ap soti nan konpòtman

ous la (kote moun nan panse a tèt li sèlman) pou nou vin genyen kopòtman foumi (lavi kolektif , ki donk panse a lòt moun) jan filozòf Nietzsche te di a. Aktè sosyal yo pral kolabore pou ogmante epi jwenn rezilta endividyèl ak kolektif. Se poutèt sa, yo dwe fè chwa ki pran valè moral yo an konsiderasyon.

Gen yon kesyon k ap fè aktyalite nan moman ki rezime pwoblèm chwa ak moralite ya: èske li pi bon pou nou panche sou avni kolektif nou nan deba ak dyalòg oswa nan vyolans ak zam? Yon obligasyon moral nan plas yon chwa pou byennèt kolektif.

Lè sa a, moralite vin yon ajan ki kadre byennèt sosyete a, epi ki pral pèmèt yon moun aksepte oswa refize pwopozisyon yo va gen pou jwenn yo. Men tou, koperasyon nan mitan moun ki vin devlope santiman ke yo se yon sèl pèp la pral kreye yon bezwen pou genyen enstitisyon ki pou reponn ak demann yo. Kreyasyon enstitisyon sa yo pral genyen nan tèt yo de moun ki responsab pou jere zafè piblik, ki pou fè enstitisyon sa yo mache byen. E enstitisyon sa yo pral reponn a demann ki pral vini yo pandan y ap kreye bon jan ekilib ant òf ak demann k ap genyen nan mitan sitwayen yo. Kad ki ap oryante jesyon zafè piblik yo pral tounen abit nan mitan echanj moun sa yo pral gen pou yo fè ak reprezantan enstitisyon sa yo, sa ki pral kreye sa yo rele Leta-Nasyon, ki se swa yon pataj kolektif valè moral yo yo oswa yon akò sou objektif sosyete a pataje.

Lè sa a, Leta-Nasyon an pral vin geyen yon gwoup moun byen presi ki fè pati de li e gwoup moun sa yo pral genyen yon idantite kiltirèl ki pwòp a yo, li pral bay sitwayen sa yo divès fòm garanti k ap pèmèt yo fè pi bon chwa pou amelyore sosyete a nan yon mouvman kolektif ke tout sitwaye ak reprezantan yo pataje. Se yon mouvman ki pral amelyore sosyete nan yon santiman konfyans. Nan listwa Leta-Nasyon sa a, ap genyen moman konfyans konsa tou moman rebelyon tou. Men konfyans la rete prensipal motè pou sosyete a kontinye amelyore.

Depi endepandans li pèp ayisyen an akòz pil peryòd enstabilite politik yo li viv yo, chak jou ki pase vin plis paka fè reprezantan enstitisyon yo konfyans. Echèk Leta-Nasyon an make popilasyon anpil. Kriz sa vini sou fòt yon "leta ki echwe", peyi a pa gouvènèn, pa genyen manje ni sèvis lasante ak sekirite menm jan ak on pakèt lòt bagay. Echèk total Leta mande pou nou reflechi prese prese epi an pwofondè sou kòman Leta ki echwe sa pral fè pou popilasyon an kapab regenyen

konfyans nan li, pandan l ap mete aksan sou enpòtans angajman, sou objektif ak aksyon reyèl lidè politik e ekonomik ayisyen yo.

Echèk Leta a vizib nan tout domèn. Balans la plis panche sou bò rebelyon, sa ki lakòz moun yo koupe fache ak peyi epi ale nan lòt peyi kit yo genyen stati legal kit yo ilegal. Chwa yo fè pou yo kite peyi a pou yo ale nan yon lòt montre ke moun yo ap chèche kote ki ap ba yo posiblite pou yo itil tèt yo, menm si yo brave gwo danje pandan travès a. Pou yo menm bon chwa se kite "bato" ayisyen an pou yo anbake nan yon lòt, pou yo kapab jwenn yon nouvo Eta-Nasyon ki ap rekonèt yo epi entegre yo nan sosyete kote yo ale a. Mache prese sa pou kite peyi a malerezman, senbolize rebelyon total sitwayen ayisyen yo fas ak Leta e ak dirijan. E nou dwe rekonèt rebelyon sila kòm yon siy ki montre ke sitiwayon sitwayen yo ap viv nan peyi a pa vre.

Kisa konfyans la ye menm? Li se yon eta sikolojik ki enpòtan anpil pou linyon nan yon sosyete ak pou devlopman. Konfyans la se yon relasyon, yon lyen kote chak moun aksepte yo gen pwèn fèb e tou kote yo chak rekonèt ke yo genyen bonte lakay yo. Se lyen sa a ki pral konekte yo youn ak yon lòt oswa sitwayen yo ak enstitisyon piblik k ap gouvèn yo. Pou kapab genyen konfyans nan peyi a se pa sèlman relasyon moun a moun yo dwe konsidere men tou relasyon sitwayen yo ak enstitisyon yo ki se yon eleman ki esansyèl pou estabilite ak prosperite nan peyi a.

Pèp ayisyen twouve l nan yon kalfou istorik, kote restorasyon konfyans la reprezante non sèlman yon obligasyon moral men tou yon levye pou devlopman ekonomik ak sosyal peyi a. Rebelyon sitwayen toupatou nan peyi a rive nan eta sa akòz move gouvènans, koripsyon ak enstabilite politik, sa ki kreye yon gwo tou nan mitan sitwayen yo ak enstitisyon piblik yo.

Jounen jodiya ayisyen genyen nesosite pou yo koupe fache ak konpòtman briganday yo te konn genyen lontan yo, epi pou yo rekonstwi nasyon an. Rekonstriksyon sa a se pa sèlman fizik ak enstitisyonèl, men tou sikolojik ak emosyonèl. Li mande konsyans ak yon revèy kolektif ki pral transfòme kriz la nan yon opòtinite pou konstwi yon bagay pozitif ak dirab.

Peryòd esklavaj la kite tras li nan ayisyen jous jodiya, se sa ki fè gen tout kokennchenn pwoblèm sa pou yo modènize peyi a. Tranzisyon sa a mande non sèlman yon chanjman nan enfrastrikti ak enstitisyon yo, men tou, yon gwo chanjman nan lespri pèp ayisyen an. Yo dwe bati yon lòt idantite

nan nouvo epòk sa , ki ap poze nouvo baz nan edikasyon, lasyans ak lakilti e ki ap ranplase piti piti ansyen metòd nou te konnen yo.

Nou dwe panse bagay yo on lòt jan e tou nou bezwen yon lidè ki genyen vizyon, " yon nonm ki va sòti nan syèl". Ayiti pa sèlman ap chache yon moun ki sòti nan syèl, men pito tèt ansanm, transparans ak responsablite ke tout lidè yo ap angaje yo pou yo pran. Lidè sa yo dwe yon senbòl, yo dwe genyen yon vizyon klè pou avni peyi a epi demontre kapasite yo genyen pou reponn tout bon vre a bezwen sitwayen yo. Yo dwe makonnen "etik konviksyon ak etik responsablite" (Max Weber, *The Scientist and the Politician*), pou yo kapab jwenn bout tout difikilte. Jodi a an Ayiti pwoblèm yo anpil.

Se poutèt sa mwayen yo dwe apwopriye nan tout domèn piblik la. Sa dwe fèt ak aksyon ki vizib e ke wap kapab mezire rezilta aksyon yo bay yo. Sa vle di amelyore sèvis premye nesosite yo lamanjay, dlo, sante ak sekirite. Chak amelyorasyon ke tout ayisyen ap kapab wè ki fèt, se pral yon pa pou retabli konfyans la. Se pa rete mande ayisyen yo pou gen konfyans nan enstitisyon yo se bati sa bati pou yo bati konfyans sila ak ayisyen yo.

Angajman kominote a ak patisipasyon sitwayen yo se sa ki pi enpòtan pou kapab genyen konfyans ankò, sa mande pou sitwayen yo kapab patisispe nan pwosesis pou pran desizyon yo. Nan peyi kote ki genyen gouvènans patisipatif, sa vle di kote sitwayen yo jwe yon wòl aktif nan kreyasyon ak siveyans politik piblik yo, sitwayen yo genyen plis enpresyon ke yo fè pati yon kominote e genyen plis konfyans nan enstitisyon yo. Dispozisyon enstitisyonèl yo dwe bay sitwayen ayisyen yo posiblite pou yo di mo pa yo nan politik peyi a.

Pou rebati konfyans lan Leta ayisyen dwe aji ak etransparans epi kreye mekanis responsablite pou veye aksyon dirijan yo. Yo dwe batay kont koripsyon, fè odit regilyeman epi pibliye rezilta aksyon gouvènman an. Sa yo esansyèl pou yo rejwenn konfyans pèp la.

Nan volonte pou restore konfyans nan peyi a, kominote entènasyonal la genyen yon wòl ki enpòtan tou pou l jwe, ki se sipòte jefò rekonstriksyon Ayiti a epi fè aksyon pou ede retabli konfyans la. Èd ki soti nan entènasyonal la dwe jere byen, aktransparan epi kadre ak priyorite ke ayisyen yo defini pou ranfòse lejitimite ak efikasite entèvansyon yo.

Deklarasyon Pari sou Efikasite èd entènasyonal la, ki fèt lane 2005, ke pwogram aksyon ACCRA 2008 la vin bay jarèt, reprezante fondasyon esansyèl pou sipò entènasyonal. Inisyativ sa yo mete aksan sou senk prensip kle: a) otonomi, peyi k ap resevwa èd yo se yo menm k ap genyen pou devlope estrateji pa yo, b) peyi k ap bay èd yo dwe aliye epi bay sipò estrateji sa yo, c) amonizasyon donatè yo, konsa yo tout pap plede fè menm bagay d) plis konsantrasyon sou rezilta yo, e) responsablite pataje nan mitan donatè ak patnè devlopman yo. Pwogram aksyon ki pote nom ACCRA genyen pou objektif pou bay vizyon sa a jarèt pandan l ap ogmante koperasyon nan mitan donatè ak gouvènman peyi ki sou wout devlopman yo e ak òganizasyon sosyete sivil peyi sa yo pou yo kapab amelyore efikasite èd yo.

Jounen jodiya Marthe ak Maxiux twouve yo sou yon bò, Barbecue sou lòt la a. Yo chak nan fason pa yo montre wout tranzisyon an kapab pran. Kounye a, chak sitwayen dwe byen konnen e konprann kisa yo vle fè avan yo aji, yo dwe chèche sa k ap bon pou yo tout, e ki pral ba yo plis satisfaksyon ak plis byennèt ki posib, osnon yo reziyen, oswa yo abandone yo kite peyi a oswa lage tèt yo nan vyolans, se kèk nan fason yo kapab esprime yo tou. Se dirijan ki sou pouvwa yo ki responsab tranzisyon an pou modènite a ki dwe fè tout sa ki posib pou retabli valè moral ke sosyete a genyen, pou yo kapab satisfè rapid vit popilasyon an ki ap souffri lontan.

Pou nou fini retabli konfyans nan peyi Dayiti se premye defi a. Se yon konnkenchenn defi men, ki endispansab pou avni peyi a. Se yon angajman san pran souf, yon vizyon klè epi aksyon konkrè lidè ayisyen yo ak kominote entènasyonal la dwe pran. Si nou mete konfyans nan kè pwojè sa, Ayiti kapab pran wout pou yon demen miyò, ki ap genyen estabilite, pwosperite ak amoni, kote chak sitwayen santi yo ap patisipe epi genyen konfyans nan devlopman peyi yo.

Aldy CASTOR, M.D., aldyc@att.net

Prezidan, Haitian Resource Development Foundation (HRDF)

Directeur, Emergency Medical Services for Haiti Medical Relief Mission, Association of Haitian Physicians Abroad.

Manb, United Front Haitian Diaspora

Philippe FRANÇOIS, philippefrancois.fr@gmail.com

Ansyen administratè teritoryal an Frans.

Konsiltan nan Biwo prezidans HRDF.

Diplome nan sosyoloji nan University of Paris IX Dauphine, Òganizasyon dinamik ak transfòmasyon sosyal.

Diplome nan jesyon ak administrasyon otorite lokal nan inivèsite Paris XII Val-de-Marne

19 avril 2024